



## Enstriksyon pou Pwogram Vaksinasyon COVID-19 Eta New York la 26 avril 2021

### Objektif ak kontèks:

Tout moun ki rete, ap etidye, oswa ap travay nan New York e ki gen laj omwen 16 an kalifye pou pran vaksen an nan Eta New York. Gade Apendis A pou enstriksyon sou konsantman ki nesèsè pou moun ki gen mwens pase 18 an yo. Tout founisè ki enskri nan pwogram vaksinasyon NYS la gen dwa vaksinen nenpòt moun ki kalifye.

An vigè 19 avril, [Dekrè Egzekitif 202.102](#) a te elimine penalite sivil ranfòse pou yon founisèki echwe nan administre vaksen COVID-19 ke yo te alwe ba li a nan espas sèt jou ke li te resevwa li. Eliminasyon penalite ranfòse a gen entansyon pou bay tout founisè yo fleksibilite nan pwograme randevou pou vaksinasyon si yo bezwen plis pase sèt jou pou itilize yon alokasyon vaksen. Yo ap bay founisè yo fleksibilite sa a nan yon moman kote Eta a te pran vaksen an plis pase mwaye nan popilasyon adil la ak omwen yon dòz epi demann pou vaksen an kòmmanse stabilize.

Pandan ke yo deja elimine penalite sivil ranfòse a, pèfòmans, debi, efò, ak administrasyon efikas vaksen yo pa founisè yo pral kontinye pou yo faktè kle nan pran desizyon alokasyon vaksen alavni, ansanm ak ekite, aksè, ak pousantaj pozitivite rejyonal yo.

Tout founisè vaksen yo nan Eta New York, sa gen ladan sila yo ki sitiye nan Vil New York la ak sila yo ki ap patisipe nan pwogram federal yo, dwe swiv enstriksyon ak direktiv Depatman Sante Eta New York la, ki gen ladan egzijans pou fè rapò bay [Swivi Vaksen COVID](#) NYS la nan lendi ak jedi.

### Moun ki kalifye:

Tout moun ki rete, ap etidye, oswa ap travay nan New York e ki gen laj omwen 16 an elijib pou pran vaksen an.

### Responsabilite founisè vaksen yo:

- Tout founisè oswa antite ki pa sou chimen bay popilasyon ki kalifye yo tout dòz yo resevwa yo nan semèn yo resevwa yo a dwe fè Eta a konn sa nan senkyèm jou apre yo resevwa yo a pou piplis, nan [CovidVaccineNotUsed@health.ny.gov](mailto:CovidVaccineNotUsed@health.ny.gov), konfòmman ak [Dekrè Egzekitif 202.88](#), jan li pwolonje a.
- Yo pa kapab redistribye vaksen an bay ni lòt enstalasyon, ni lòt founisè, ni lòt kabinè medikal, ni lòt depatman san NYSDOH pa bay apwobasyon ak konsantman alavans. Enstalasyon ki bezwen redistribye vaksen dwe depoze yon [fòmilè redistribisyon ranpli](#) nan [COVIDVaccineRedistribution@health.ny.gov](mailto:COVIDVaccineRedistribution@health.ny.gov) epi yo pa dwe redistribye toutotan yo pa gen apwobasyon NYSDOH.
  - Yon founisè gen dwa transpòte vaksen yo yon lòt kote nan objektif fè yon klinik vaksinasyon pandan yon ti tan san NYSDOH pa bay apwobasyon alavans. Si founisè a ap bay dòz yo epi rapòte dòz li bay yo nan pwòp envantè li nan NYSIIS, tout vaksen ki pa sèvi yo dwe retounen nan

premye kote a nan finisman jounen klinik la. Founisè a dwe genyen posesyon ak kontwòl vaksen an pandan tout dire transpò a ak pandan li ap bay li a.

- Moun k ap bay vaksen yo dwe gen priyorite nan resevwa vaksen an kou gen dòz ki disponib.
- Tout founisè yo dwe kenbe chak jou yon lis moun kalifye ki sou "estennbay" pou fè yo konnen lè gen posibilite pran randevou pou pran vaksen nan dènye moman. Kou founisè yo konnen gen plis dòz pase moun ki pou pran vaksen, yo dwe rele moun kalifye ki sou "estennbay" yo, oswa yo dwe pran lòt dispozisyon pou mennen plis moun ki kalifye nan enstalasyon an oswa nan klinik la anvan peryòd ki akseptab pou itilizasyon an ekspire. Lis estennbay yo dwe gen ladan yo moun ki kalifye pou premye ak dezyèm dòz. (Konsilte paj 3 pou plis enstriksyon.)
- Founisè yo pa dwe ranpli alavans plis sereng pase sa yo kapab itilize nan inèdtan. Yo dwe itilize sereng vaksen Pfizer-BioNTech ak Moderna ki te ranpli davans nan yon delè sizèdtan apre yo te ranpli yo; yo dwe itilize vaksen Janssen (Johnson & Johnson) lan nan yon delè dezèdtan apre yo te ranpli yo. Si yo plen twòp sereng sa gen dwa lakòz gaspiyaj si yon klinik dwe sispann bonè oswa si gen twòp moun ki pa pase evalyasyon medikal la oswa ki pa vini nan randevou yo a. Tanpri gade [Enstriksyon pou Itilizasyon Dòz Vaksen COVID-19 ki Rete nan Finisman Jounen an oswa Klinik pou Founisè k ap Patisipe nan Pwogram Vaksinasyon COVID-19 Eta New York la](#) (Guidance on Use of COVID-19 Vaccine Doses Remaining at End of Day or Clinic for Providers Participating in the New York State COVID-19 Vaccination Program) pou plis enfòmasyon.
- Tout enstalasyon oswa kabinè medikal yo gen obligasyon pou yo suiv kiyès ki pran vaksen an pami pèsònèl yo e yo dwe bay NYSDOH done sou moun sa yo ki pran vaksen an nan kesyonè Sistèm Done sou Repons Elektwonik sou Sante a (Health Electronic Response Data System, HERDS) oswa chak jou nan kad Suivi Vaksen COVID NYS la.

Chak founisè ki resevwa vaksen:

- DWE asire ke chak moun yo bay vaksen an bay prè li ranpli [Fòmilè Vaksen COVID-19 NYS](#) la ak deklarasyon an.
- Dwe konnen ki kantite vaksen li pral resevwa.
- Dwe eseye sèvi ak tout dòz vaksen yo nan sèt jou li resevwa yo a gras a deplwaman rapid bay moun ki elijib yo.
- Yo dwe rapòte tout vaksen yo bay yo, sou Sistèm Enfòmasyon sou Vaksinasyon Eta New York la (New York State Immunization Information System, NYSIIS) oswa nan Rejis Vaksinasyon pou Tout Vil la (Citywide Immunization Registry, CIR) nan Vil New York, nan 24 èdtan apre yo fin bay vaksen an.
- Moun k ap bay vaksen yo **dwe rapòte tou lòt enfòmasyon sou tout moun yo vaksinen chak lendi ak jedi** avèk [Zouti pou Suivi Vaksen COVID la](#).
- Konsènan **famasi** yo, yo otorize famasyon yo pou vaksinen moun ki gen 16 ane oswa plis pou COVID-19 sèlman, dapre Setyèm Amanman Deklarasyon an dapre Lwa sou Preparasyon Piblik la pou Ijans (Public Readiness and Emergency Preparedness, PREP) lan pou Mezi Prekosyon Medikal kont COVID-19 la.

**Mesaj pou Sant Eksperimantasyon Klinik Vaksen COVID-19 yo:**

Sonje, yo dwe antre tout vaksen COVID-19 yo bay nan Eta New York nan NYSIIS oswa CIR. Sa gen ladan tout dòz yo bay nan kad eksperimantasyon klinik epi tou dòz yo ofri ak bay patisipan ki nan gwoup kontwòl la (sa ki te resevwa plasebo nan kòmansman yo) lè eksperimantasyon klinik la fini oswa a lòt moman dapre pwotokòl eksperimantasyon an. Manm pèsònèl ki nan lokal k ap patisipe nan eksperimantasyon klinik la dwe bay patisipan yo yon kat vaksinasyon epi mete antesedan vaksinasyon patisipan an nan NYSIIS/CIR, sa ki aplikab la. Tanpri fè

atansyon, se sèlman vaksen ki resevwa Otorizasyon Itilizasyon Dijans oswa ki resevwa apwobasyon Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini an (United States Food and Drug Administration, FDA) yo kapab antre.

### **Dezyèm dòz vaksen COVID-19 la:**

Vaksen Pfizer-BioNTech ak Moderna yo egzije de dòz, tandiske vaksen Janssen (Johnson & Johnson) lan egzije sèlman yon dòz. Yo dwe bay dezyèm dòz la 21 jou (vaksen Pfizer-BioNTech la) oswa 28 jou (vaksen Moderna a) apre premye dòz la. Pou fasilite sa, tout founisè yo **dwe** bay randevou pou dezyèm dòz la pou moun k ap pran vaksen yo **nan moman y ap bay premye dòz la**.

Gen KèK sikonstans kote gen moun ki bezwen resevwa dezyèm dòz yo yon kote ki pa menm ak kote yo te resevwa premye dòz yo a. Founisè ki deside moun nan pa kapab retounen nan kote li te resevwa premye dòz li an ta dwe pwograme yon ezyèm dòz pou moun sa yo oswa yo ta dwe kowòdone avèk Sant Ospitalye Prensipal Rejyonal la (Regional Hub Lead Hospital) pou jwenn yon founisè ki gen dezyèm dòz anplis nan bon vaksen an pou vaksinen moun nan. Yo kapab lokalize disponibilite vaksen an tou lè yo sèvi avèk [CDC Vaccine Finder Tool](#) (Zouti pou Jwenn Vaksen CDC) a. Yo pa ta dwe bay moun yo tach pou lokalize randevou dezyèm dòz yo. Obligasyon sa a sou kont founisè ki te administre premye dòz la.

### **Konsiderasyon Espesyal pou Moun ki ap Resevwa Premye Dòz yo Andeyò Eta New York:**

Moun ki te resevwa premye dòz vaksen COVID-19 la andeyò Eta New York pa pral gen yon dosye dòz sa a nan NYSIIS oswa nan CIR. Founisè ki ap administre yon dezyèm dòz ta dwe swa antre premye dòz la nan NYSIIS/CIR kòm yon pati nan dosye istorik la lè li sèvi avèk done ki afiche sou Kat Dosye Vaksinasyon COVID-19 moun lan OSWA avize pasyan an ke yo ta dwe mande founisè swen prensipal yo pou antre premye dòz yo nan NYSIIS/CIR kidonk eta a ta gen yon dosye konplè sou tou de dòz vaksen COVID-19 yo.

Moun yo dwe pran de dòz menm vaksen an (paregzanp, ou dwe pran de dòz vaksen Pfizer-BioNTech la oswa de dòz vaksen Moderna a). Ou **pa** kapab chanje youn pou lòt. Tanpri konsilte [Enstriksyon pou Bay Dezyèm Dòz Vaksen COVID-19 la](#) (Guidance for Administration of the Second Dose of COVID-19 Vaccine) pou plis enfòmasyon sou kijan pou bay dezyèm dòz la.

**Pa rezève vaksen ki pou premye dòz pou dezyèm dòz la.** Y ap otomatikman voye yon pwovizyon dezyèm dòz nan enstalasyon w lan atan pou bay dezyèm dòz la nan entèval obligatwa a. **Ou dwe rezève vaksen ki nan dezyèm kagezon an pou dezyèm dòz yo.** N ap fè enstalasyon yo konnen lè n ap voye kagezon dezyèm dòz la ak kantite k ap gen ladan pou yo kapab separe ak premye dòz yo nan envantè w lan.

Eta New York adopte [Enstriksyon pou Jesyon Envantè Vaksen \(Vaccine Inventory Management Guidance\) Sant pou Kontwòl Maladi yo \(Centers for Disease Control, CDC\)](#). Enstriksyon sa yo egzije pou founisè yo, chak semèn, gade tout randevou ki pa respekte yo, epitou tout lòt rezon ki fè yon dezyèm dòz pa sèvi apre 42 jou, epi pou yo rekonvèti tout dòz ki rete yo an premye dòz.

Dezyèm dòz ki glase yo e ki pa depase fenèt 42 jou a pou yo bay yo a PA dwe sèvi kòm premye dòz. Sèl dezyèm dòz yo kapab bay kòm premye dòz se dòz sa yo k ap pwoche ekspirasyon yo oswa dènye dat pou yo sèvi a, e founisè yo dwe suiv pwosesis ki dekri nan Enstriksyon pou Dezyèm Dòz la.

Tout dezyèm dòz ki glase e ki kounye a depase fenèt 42 jou a dwe sèvi touswit kòm premye dòz. Yo kapab bay nenpòt ki moun ki kalifye dòz sa a yo konfòmman ak Enstriksyon Pwogram Vaksinasyon NYS la. Si yon moun

mande yon dezyèm dòz apre li fin rate fenèt 42 jou a, yo dwe ba li dezyèm dòz la kanmenm. Pa gen nesesite pou rekòmanse seri an, konfòmeman ak enstriksyon CDC yo. Founisè ki pa gen ase vaksen pou bay dezyèm dòz ki te an reta depase fenèt 42 jou a dwe travay avèk Sant Ospitalye Prensipal yo a, ki kenbe yon lis datant pou dezyèm dòz.

### **Dòz anplis Pfizer-BioNTech ak Moderna:**

Poban ni Pfizer-BioNTech ni Moderna yo sipoze gen omwen yon dòz vaksen anplis. Dapre kalite zegui ak sereng yo itilize a, gen dwa gen vaksen anplis ki rete nan poban an. Moun k ap bay vaksen yo gen dwa itilize nenpòt vaksen anplis yo kapab fasilman rale nan yon sereng pou satisfè egzijans sou dòz konplè yo. Yo **PA KAPAB** konbine likid vaksen anplis ki soti nan plis pase yon sèl poban pou fè dòz anplis.

Sa enpòtan anpil poutèt vaksen an pa gen aditif konsèvasyon. Antre tout vaksen ou bay yo nan NYSIIS/CIR, sa gen ladan tout vaksen anplis ou bay, sepandan pa modifiye envantè a poutèt ou panse ap gen dòz anplis. Pou plis enfòmasyon tanpri gade enstriksyon [Pfizer-BioNTech](#) yo ak enstriksyon [Moderna](#) yo pou dòz anplis yo. Yo pa obsève vaksen anplis nan poban Janssen (Johnson & Johnson) yo apre senk dòz ki sipoze genyen ladan yo.

### **Dòz vaksen COVID-19 ki rete yo:**

Tout founisè vaksen yo dwe planifye an konsekans pou yo kapab bay tout dòz vaksen yo. Bonjan planifikasyon pou evite gaspiyaj gen ladan konfime kantite egzak moun kalifye ki disponib pou pran vaksen an anvan ou rale premye dòz la nan yon nouvo poban.

Tout founisè yo dwe kenbe chak jou yon lis moun kalifye ki sou "estennbay" pou fè yo konnen lè gen posibilite pran vaksen nan dènye moman. Lis "estennbay" yo dwe gen ladan yo moun ki kalifye pou premye ak dezyèm dòz. Kou founisè yo konnen gen plis dòz pase moun ki pou pran vaksen, yo dwe rele moun kalifye ki sou "estennbay" yo, oswa yo dwe pran lòt dispozisyon pou mennen plis moun ki kalifye nan enstalasyon an oswa nan klinik la anvan peryòd ki akseptab pou itilizasyon an ekspire. Chak founisè dwe kontakte sant ospitalye rejyonal li an pou ede fasilite itilizasyon dòz anplis yo nan finisman jounen klinik la.

### **Fòmilè Vaksen Obligatwa:**

Tout moun k ap pran vaksen COVID-19 la **dwe** ranpli [Fòmilè Vaksen COVID-19 Eta New York la](#) pou premye dòz la, epi ateste li kalifye pou li pran vaksen an. Konfòmeman ak [Dekrè Egzekitif 202.86](#) la, jan yo pwolonje li an, kabinè medikal, founisè, ak antite yo dwe konfime yo respekte kondisyon sa a nan moman y ap bay vaksen an.

### **Prèy Kalifikasyon:**

Moun y ap bay vaksen yo **dwe** bay prèy yo kalifye.

Si yon moun rete nan New York men li anplwaye oswa l ap travay nan yon lòt eta, moun sa a dwe montre prèy li se rezidan New York.

Men kèk prèy travay oswa anplwa:

- kat idantite oswa badj anplwaye;
- yon lèt nan men yon patwon oswa yon òganizasyon afilye;
- souch chèk peman, dapre estati priyorite patikilye; oswa
- montre prèy travay sou yon aplikasyon (paregzanp, Uber, Lyft, DoorDash, elatriye).

Si yon moun kalifye poutèt laj li, li dwe bay prèv laj li ak prèv li rete nan New York. Pou bay prèv li rete nan New York, yon moun dwe montre:

- Youn nan sa ki annapre yo: Kat idantite Eta a oswa gouvènman an bay; kat idantite konsilè (si se adrès New York ki afiche); deklarasyon mèt kay ou; resi lwaye oswa kontra anfèmaj; dosye prè ipotekè; oswa
- De nan sa ki annapre yo: Deklarasyon yon lòt moun bay; Kourye li resevwa pa lapòs dènyèman; Dosye lekòl.

Kòm prèv laj ou kapab bay:

- Lisans chofè oswa kat idantite;
- Batistè yon eta oswa yon gouvènman lokal bay;
- Kat idantite konsilè;
- Paspò ameriken ajou oswa paspò etranje valid;
- Kat rezidans pèmanan;
- Sètifika Natiralizasyon oswa Sitwayènte;
- Polis asirans vi ki gen dat nesans; oswa
- Papyè maryaj ki gen dat nesans.

Kòm lòt opsyon, patwon yo oswa òganizasyon yo kapab bay yon lis manm pèsònèl ki respekte kondisyon kalifikasyon yo pou vaksinasyon. Pa vaksinen ankenn moun ki pa gen prèv elijibilite li.

[Fòmilè Vaksen COVID-19 Eta New York](#) ki obligatwa a gen ladan yon deklarasyon pèsònèl sou kalifikasyon pou vaksinasyon ki dwe ranpli anvan vaksinasyon an. Minè yo dwe prezante idantifikasyon pou verifye yo gen omwen laj 16 an oswa yo dwe gen yon paran prezan pou ateste nan non yo.

### **Absans Danje nan Vaksen an:**

Siveyans apre vaksinasyon se yon pati esansyèl nan pwogram vaksinasyon COVID-19 la. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ap pouse ak ankouraje tout moun k ap pran vaksen yo pou yo patisipe nan V-Safe, yon aplikasyon sou telefòn entelijan ki pral pèmèt moun ki pran vaksen antre sentòm yo nan kèk jou apre vaksinasyon an nan mesaj pa tèks. V-Safe ofri tou rapèl pou dezyèm dòz la ak suivi pa telefòn pou nenpòt moun ki rapòte efè negatif ki enpòtan nan pwendvi medikal. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou V-Safe nan <http://www.cdc.gov/vsafe>, sa gen ladan yon fèy enfòmasyon sou V-Safe. Tanpri enprime fèy enfòmasyon an epi bay chak moun k ap pran vaksen an li. Ou dwe rapòte efè negatif ki genyen apre vaksinasyon an nan Sistèm pou Rapòte Efè Negatif Vaksen an (Vaccine Adverse Events Reporting System, VAERS) nan [info@VAERS.org](mailto:info@VAERS.org) oswa rele 1-800-822-7967.

### **Egalite:**

Yo dwe fè efò pou sansibilize moun ki gen laj omwen 16 an yo nan tout kominote ak nan tout kad. Moun ki nan zòn ki gen endis frajilite sosyal wo pi frajil pa rapò ak COVID-19 e yo dwe fè yo konnen kijan yo kapab pran vaksen an.

### **Kijan pou kominike plan an:**

Tanpri kominike tout pèsònèl la priyorite a klèman.

Enstriksyon sa yo an vigè apati de dat yo pibliye a jiskaske yo mete yo ajou, oswa NYSDOH pibliye lòt enstriksyon. Si ou gen kesyon, tanpri kontakte Depatman Sante Eta New York la, Biwo Vaksinasyon an (Bureau of Immunization) nan [COVID19vaccine@health.ny.gov](mailto:COVID19vaccine@health.ny.gov).

**Enstriksyon pou Pwogram Vaksinasyon Eta New York la**  
**Apendis A**  
**Gwoup Pwiyorite ki Kalifye pou Pran Vaksen yo**

Tout moun ki gen 16 ane oswa plis, ki abite, travay, oswa etidye nan New York elijib pou yo pran vaksen an. **Pakont, minè ki gen laj 16 ak 17 an PA gen otorizasyon resevwa ni Vaksen Janssen nan ni Vaksen Moderna a. Timoun ki poko gen 16 an poko elijib pou resevwa okenn vaksen COVID-19.**

**Konsantman Minè**

Nan kad dokiman sa a, definisyon yon minè se yon moun ki gen mwens pase laj 18 an. Minè yo bezwen konsantman paran oswa gadyen yo pou resevwa yon vaksen COVID-19, eksepte nan ka ra kote minè a fè pati yon gwoup lalwa bay dwa pou yo bay konsantman pou pwòp laswenyay pa yo (paregzanp, minè ki marye, minè ki se paran oswa ki ansent, ak minè ki nan fòs ame).

**An jeneral, yo ankouraje anpil pou yon paran oswa yon gadyen legal akonpaye yon minè ki gen laj 16 oswa 17 an pou bay konsantman an pèsoun pou vaksinasyon an a chak dòz.** Pèsounèl Sipò pou Vaksen/Dokimantasyon Medikal la dwe dokimante nan seksyon Nòt Sistèm Jesyon Done Mezi Prevansyon an (Countermeasure Data Management System, CDMS) non moun k ap bay konsantman pou minè a. Yo kapab bay konsantman avivwa.

Si yon minè pa akonpaye, founisè a ta dwe eseye kontakte paran an oswa yon gadyen pa telefòn nan moman vaksinasyon minè a pou bay founisè a konsantman. Founisè yo ka chwazi si yo aksepte yon deklarasyon konsantman alekri nan men paran an oswa gadyen an, kote paran an oswa gadyen an pa disponib nan telefòn pou bay konsantman pou vaksinen yon minè ki pa akonpaye. Yo ka konsidere [Fòmilè Depistaj ak Konsantman pou Vaksinasyon COVID-19](#) la pou rezon sa a.